



VNS Health

**Entwodiksyon  
VNS Health  
Avni Swen Sante.  
Konfò Anndan  
Lakay la.**



Nan dat 18 me 2022 an, tout seksyon anndan  
òganizasyon VNSNY yo tankou:

Swen Lakay

Ebèjman

Partners in Care

Sèvis Sante Konpòtmantal

CHOICE\*

Care 360° Solutions (CMO)

Òganizasyon Sèvis Jesyon (Management  
Services Organization, MSO)

ESPRIT Medical Care

pral vin fè yon sèl ak VNS Health.

Yonsèl ekip ki genyen menm misyon an.  
Yon bèl avni pou nou tout ansanm.



\*CHOICE pral chanje pou l vin pote non **Health Plans from VNS Health**  
nan mwa oktòb pou l kapab fèt nan menm moman peryòd Enskripsyon  
Anyèl la ap kòmanse an.



## VNS Health apiye l sou eritaj nou.

Pandan plis pase 125 lane, nou te fè fas ak plizyè nouvo difikilte pandan n ap kreye pwogram, sèvis ak plan sante ki aksesib pou pasyan, manm ak kliyan nou yo. Ansanm youn ak lòt, nou te itilize ekspètiz nou, konpasyon nou, ak angajman nou pou nou te ofri epi jere swen bay plizyè milyon moun ki vle viv, vyeyi epi geri yon fason konfòtab anndan kominote yo ansanm ak moun yo renmen yo bòkote yo. Nouvo non nou an, VNS Health apiye l sou eritaj nou epi li pi byen reprezante sèvis nou ap ofri yo.

**Poukisa se non VNS Health la nou chwazi?** Se paske "Pati ki ekri "VNS" onore istwa rich nou an ansanm ak eritaj nou epi mo "Health" la ini nou epi se li ki motivasyon nou.

## Poukisa chanjman sa?

Atravè tout istwa nou, nou te toujou nan tèt konpetisyon an antanke yon pyonye nan swen sante lakay ak swen sante kominotè, pandan nou t ap suiv chimen fondtè nou an, Lilian Wald te kite pou nou an.

VNS Health ini nou antanke yon sèl òganizasyon, yon sèl ekip ki gen yon sèl misyon. Nou ap chèche jwenn plis moun pou n kapab akonpli misyon nou an nan objektif pou fè sa pi senp pou plizyè milyon moun nan New York ak lòt kote pi lwen pran epi resevwa swen.

## Avni Swen Sante. Konfò Anndan Lakay la.

Slogan nou an – **Avni Swen Sante. Konfò Anndan Lakay la.** – se pwomès esansyèl nou te fè bay moun ak kominote n ap sèvi yo. Nou vin kapab fè moun konnen kiyès nou ye ak sa nou fè gras ak mo sa yo. Sa rele previzyon epi li fè tout moun konnen nou toujou konsantre sou swen moun k ap resevwa pandan yo alèz lakay yo oswa nan kominote yo.

## Sante se yon sijè ki rasanble nou tout.

Nou te toujou genyen yon pasyon pou nou ofri swen eksepsyonèl nan fondman ak kè òganizasyon nou an. Nou fè l vin pi fasil pou konprann tout kalite pwodui ak sèvis nou ofri yo, ansanm ak valè ki motive nou chak jou yo.

### Misyon nou.

Se amelyore **sante** ak byennèt moun gras ak swen sante bon kalite epi ki gen pri konpetitif pou lakay oswa nan kominote an.

### Valè fondamantal nou yo.

**Kompasyon:** Nou chèche konprann santiman lòt moun yo genyen ak eksperyans yo fè pou nou kapab ede yon fason aktif.

**Entegrite:** Nou fè sa ki kòrèk la menm si pa gen moun k ap gade nou.

**Ajilite:** Nou itilize sa nou aprann apati eksperyans yo ak kreyativite pou nou avanse pi rapid.



Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou  
Intranet la ([vnsny.sharepoint.com](https://vnsny.sharepoint.com)) oswa  
nan Sant Resous Asistans Sante Lakay  
(Home Health Aide Resource Center) la ki  
se [HHA.vnsny.org](https://HHA.vnsny.org)

**Avni Swen Sante.  
Konfò Anndan Lakay la.**